

Kesyon yo konn poze sou Règ Chay Piblik yo ak ki kote pou w jwenn èd

Kisa Chay Piblik ye? "Chay Piblik" se yon tèm legal nan lwa imigrasyon. Li fè pati yon pwoesis depistaj fonksyonè imigrasyon Etazini yo itilize prensipalman lè yon moun ap aplike pou rezidans pèmanan legal (sa yo konn rele Estati LPR/"Grin Kat" oswa Kat Rezidans) oswa pou yo chanje/pwolonje estati viza non-imigran yo. Si yo konsidere yon moun kòm yon chay piblik, kidonk, yo p ap ka jwenn yon kat rezidans (grin kat) amwenske yo an mezi pou fè depo yon kosyon chay piblik.

Èske gen yon nouvo Règ sou Chay Piblik ki an vigè? Wi, apati dat 24 fevriye 2020, men Règ la a ap afekte sèlman moun ki alafwa sijè a chay piblik (gade anba la) epi ki soumèt aplikasyon pou kat rezidans oswa pou chanje/pwolonje viza non-imigran yo ki gen dat lapòs 24 fevriye 2020 oswa apre.

Kiyès nouvo règ Chay Piblik la ap afekte? Règ chay piblik la aplike pou moun ki nan gwooup ki annapre yo:

1. moun ki Etazini ki nan pwosesis pou yo aplike pou estati kat rezidans yo gras a esponsò yon manm fanmi, anplwayè, oswa atravè lotri pwogram Viza Divèsite a;
2. moun ki déjà gen kat rezidans men k ap chache rantre Etazini apre yo te vwayaje nan lòt peyi swa (a) pandan plis pase 180 jou youn apre lòt, oswa (b) ki gen sèten kondanasyon kriminèl (oswa toulède); epi
3. moun k ap aplike pou yo chanje oswa pwolonje viza non-imigran yo.

Sonje: Nenpòt moun ki *gen plan* pou yo aplike pou kat rezidans; amwenske yo fè pati youn nan kategori ki gen egzansyon ki dekri anba la; oswa k ap chache chanje/pwolonje viza non-imigran yo; oswa ki déjà gen yon kat rezidans epi ki *gen plan pou yo vwayaje nan lòt peyi* pandan plis pase 180 jou youn apre lòt oswa ki gen sèten kondanasyon kriminèl, dwe aprann konnen règ chay piblik la amwenske yo gen egzansyon (gade anba la).

Èske chay piblik la aplike pou tout imigran yo? Non. Moun ki nan kategori ki nan lis anba yo PA bezwen enkyete yo de si y ap refize ba yo kat rezidans akoz chay piblik:

Kiyès ki PA bezwen enkyete yo de si y ap refize ba yo kat rezidans akoz chay piblik?	
Moun ki p ap aplike pou yon kat rezidans:	Moun ki ka ap aplike pou yon kat rezidans, men ki gen egzansyon pou yo pa depiste yo pou chay piblik:
Sitwayen Ameriken (sizenn), oswa moun k ap aplike pou yo vin sitwayen Ameriken pa mwayen naturalizasyon.	Refijye, moun ki an egzil, ak moun k ap chache anile depòtasyon yo.
Moun ki déjà gen kat rezidans yo (ki gen ladan moun ki gen estati kondisyonèl yo) (amwenske y ap vwayaje nan lòt peyi pandan plis pase 180 jou oswa yo gen sèten kondanasyon kriminèl).	Jèn Imigran Espesyal yo (SIJ); Moun ki gen Viza Imigran Espesyal yo (Afgan oswa Irakyen ki te ede Etazini yo).
Moun ki gen rezidans (LPR) k ap vwayaje nan lòt peyi pou mwenske 180 jou youn apre lòt (oswa ki pa gen kondanasyon kriminèl)	Aplikan ak moun ki gen Viza VAWA, viza U ak viza T yo.
Moun ki gen yon visa non-imigran, oswa ki pa gen okenn estati, epi ki PA gen plan pou yo aplike pou yon kat rezidans nan 36 mwa k ap vini la yo epi ki PA gen plan pou chanje oswa pwolonje viza non-imigran yo. (Konsilte yon avoka si w pa sèten si w elijib pou w aplike pou yon kat rezidans.)	Moun ki elijib pou modifye estati yo nan kad Lwa sou Modifikasyon Estati Kiben an (CAA), Lwa sou Soulajman pou Modifikasyon Estati Nikaragwéyén ak Moun Amerik Santral yo (NACARA), Lwa sou Ekite nan Zafè Imigrasyon pou Refijye Ayisyen yo (HRIFA), oswa Lwa sou Ekite nan Zafè Imigrasyon pou Refijye Liberyen yo.

Ki sa mwen dwe fè si yon kliyan sijè a chay piblik? Li enpòtan pou yo pale ak yon avoka paske règ yo konplike (w ap jwenn plis enfòmasyon pi ba). **Nou pa konseye w pran okenn mezi san w pa pale ak yon avoka avan.**

- **Rele yon avoka imigrasyon.** Si kliyan w lan deja gen yon avoka imigrasyon epi yo gen plan pou yo aplike pou yon kat rezidans, yo dwe rele avoka yo epi di yo ke yo bezwen pale pou yo ka konnen kijan nouvo Règ la ka afekte aplikasyon pou kat rezidans ou an.
- **Chache jwenn yon avoka:** Si kliyan w lan pa gen yon avoka imigrasyon, yo ka rele ActionNYC nan 800-354-0365, ant 9am-5pm, Lendi a Vandredi, oswa rele 311 epi di “ActionNYC” pou w chache jwenn yon avoka.
- **Ou gen kesyon sou fason chay piblik aplike pou kliyan w lan?** Rele Liy Asistans Legal Aid Society a nan 844-955-3425, ant 9am-5pm, Lendi a Vandredi. Anplwaye Helpline yo pral kolekte enfòmasyon yo epi y ap transfere yo bay ekip Chay Piblik nou an.

Ki avantaj yo trete nan fason negativ anba novo règ chay piblik la? Anba novo règ chay piblik la yo trete avantaj ki annapre yo nan fason negativ:

- a) Asistans lajan kach, Revni Sekirite Siplementè (SSI);
- b) Swen enstitisyonèl alontèm gouvènman finanse;
- c) Pwogram Asistans pou Nitrisyon Siplementè a (SNAP);
- d) Medicaid gouvènman federal la finanse pou yon vyek ti gwoup imigran (Medicaid Eta a finanse, Essential Plan, Child Health Plus, NYC Care ak lòt fòm asistans finansyè yo bay nan lopital yo PA konte);
- e) Otorite Lojman Vil New York la (NYCHA)/lojman piblik oswa Seksyon 8.

Èske nenpòt avantaj yo te itilize AVAN 24 fevriye 2020 pral konte kont aplikan ki sijè a chay piblik yo? Wi. Kategori (a) ak (b) anwo a, yo te itilize AVAN 24 fevriye 2020 pral konte kont aplikan ki sijè a chay piblik yo. Avantaj ki nan kategori (c)-(e) yo pral sèlman konte nan fason negativ (sa depann de konbyen tan yo te itilize yo), si yo te itilize yo **NAN DAT oswa APRE 24 fevriye 2020**.

Ap a itilizasyon avantaj yo, ki lòt faktè ki mete yon aplikan an danje pou yo jwenn yo se yon chay piblik? Anpil imigran ak non-imigran ki gen entansyon aplike ki sijè a chay piblik yo pa elijib pou avantaj ki nan lis anwo yo, men sa pa vle di yo pa kouri risk pou yo jwenn yo kòm chay piblik kanmenm.

Karakteristik ki ka lakoz yo jwenn yon moun kòm yon chay piblik gen ladan sitiyasyon ki annapre yo:

- | | |
|---|---|
| <ul style="list-style-type: none">• yo gen yon revni ki mwens pase 250% nivo povrete a;• yo p ap travay;• yo gen mwenske 18 tan oswa plis pase 61 an; | <ul style="list-style-type: none">• yo gen yon andikap;• yo gen dét oswa yon nòt kredi ki ba;• yo pa pale anglè byen. |
|---|---|

Kisa mwen dwe fè si yon kliyan ezite jwenn oswa mentni yon ka sou avantaj yo akoz chay piblik? Li trèz enpòtan pou n detèmine si yon moun sijè a chay piblik avan nou deside kisa pou n fè. Pale ak youn nan sous èd ki nan tèt paj sa a.

Si yon kliyan malad epi li bezwen fè tès pou COVID-19 oswa resevwa lòt tretman ki gen rapò ak COVID-19, ki gen ladan sèvis lopital yo, èske sa a ap ogmante risk pou li vin yon chay piblik? Non. Nou pa okouran de okenn swen medikal ki disponib nan New York an rapò ak COVID-19 ki pral konte kont yon moun ki sijè a chay piblik, epi Biwo Sèvis Sitwayènte ak Imigrasyon Etazini an (USCIS) te deklare swen ki gen rapò ak COVID-19 yo p ap konte. Fanmi imigran yo dwe chache jwenn swen medikal yo bezwen. Baze sou eksperyans nan tan pase yo, toutfwa, nou prevwa anpil moun ki pa sitwayen ameriken yo ka gen enkyetid konsènan chay piblik kòm konsekans tretman yo resevwa menm si yo pa sijè a revizyon pou chay piblik aktyèlman la.

Kòman m ap konnen si genyen nenpòt novo enfòmasyon konsènan chay piblik?

N ap mete dènye enfòmasyon yo disponib sou www.legalaidnyc.org/notice/public-charge/